Bundesamt für
Fremdenwesen
und Asyl

**Хаамаш цхьаьна (цхьаьнца) талларх дерг**

**«Тешаллин кехатийн коьрта реестр (IDR)»**

**Хаамаш ларбаран юкъарчу регламентан 13, 14 (кхойтталг1ачуй, ейтталг1ачуй) статьяшна т1едоьг1на (DSGVO)**

**Жоьпаллин операторан ц1е а, цуьнца з1енаш а:**

Bundesamt für Fremdenwesen und Asyl (мехкабоцчеран а, бевддабаьхкинчеран а г1уллакхийн Федеральни ведомство)
Modecenterstraße 22, 1030 Wien
Телефон: +43- 59 133 98 7004
Факс: +43- 59 133 98 7399
E-Mail: BFA-Einlaufstelle@bmi.gv.at

**Х1ораннан долара хаамаш ларбаран векалца з1енаш:**

Телефон: +43- 59 133 98 - 0
E-Mail: BFA-Datenschutzbeauftragter@bmi.gv.at

**Долара хаамаш талларан 1алашонаш:**

Тешаллин кехатийн Законан § 22b раздел 4 т1едоьг1на, долара хаамаш талларан 1алашо ю органашка д1ахаийтар тешаллин кехат (паспорт я кхидерг) караделла хилар, я оцу Федеральни Законна т1едоьг1на цхьа болх д1абаьхьна хилар.

**Таллам баран бакъонан баххаш:**

§§ 3, 16, 22a Тешаллин кехатех долу Закон (паспортех долу Закон), Законийн Федеральни геланча № 839/1992 болх бечу редакцехь, Тешаллин кехатех долчу Законан хьолах доьзна (PassG-DV), Законийн Фееральни геланча II № 223/2006 болх бечу редакцехь, Тешаллин кехатех долчу Законан хьолах доьзна, Законийн Федеральни геланча № 861/1995 болх бечу редакцехь, бахархошна а, организацешна а з1енехула (электронни кепехь) пачхьалкхан хьашташ латторан Федеральни законах доьзна (E-GovG), Законийн Федеральни геланча I № 10/2004 болх бечу редакцехь, иштта Доларчу куцх1отторан лоьмарийн Регистран т1едахкарех доьзна, (StZReg), Законийн Федеральни геланча II № 57/2005 болх бечу редакцехь

**Долара хаамаш 1алашбаран хенаш:**

Г1уллакхах болу хаамаш д1абохур бу, шаьш ца эцначу заманчохь, дозанал арахьара тешаллин кехаташ схьаделла 10 (итт) шо хан ялале. Схьаделлачу кехатех болу хаамаш д1абохур бу тешаллина деллачу кехатан хан т1ехъяьлла цхьа (1) шо далале, нагахь и делахь дозанал арахьара тешалла (паспорт) – хаамаш д1абохур бу тешаллин кехатан хан т1ехъяьлла ялх (6) шо далале. Чуделлачу дехаран хаамаш д1абохур бу бакъдолчу юхадаккхарца цхьаьна я и дехар т1е ца лацарца, бакъонца д1ах1оьттина долчу, д1адоьдуш долчу г1уллакхах болу хаамаш д1абохур бу суьдан кхочушхиллабаьллачу, бакъонца д1ах1оьттинчу сацамца. Дозанал арахьара паспорташ а, кхидолу тешаллин кехаташ а д1адохур ду церан бакъо д1аяларца, т1аьххьара терахь чекхдаьлла ялх (6) шо далале. Дайначу я лачкъийначу дозанал арахьарчу тешаллин кехатех болу хаамаш д1абохур бу церан т1аьххьара терахь д1адаьлла ялх (6) шо даларца, паспортийн метта долчу дайначу я лачкъийначу

тешаллийн кехатех болу хаамаш д1абохур бу церан т1аьххьара терахь д1адаьлла цхьа (1) шо даларца. Хаамаш, Тешаллин кехатех долчу Законан § 22a раздел 1 элп k т1едоьг1на, д1абаьхна хила беза, кехат д1адахьийтина ши бутт баьллачул т1аьхьа кхин хьен ца деш (§ 3 раздел 6 Тешаллин кехатех долу Закон), нагахь санна Европин г1уллакхийн, кхечумехкачеран а, уьш д1анисбаран а г1уллакхийн а Федеральни министерствоца цхьаьна бинехь цу т1ехь болх, беа баттал кхин хьен ца деш д1абохур бу хаамаш, иштта дацахь – бакъдолчу юхадаккхарца цхьаьна (хаамаш д1абохур бу), ша бакъонга х1уттуш долу дехар т1е ца лацарца я дехар юхатохарца.

**Долара хаамаш шайга кхочуш берш:**

Кхийолу бюрош, тешаллин кехатийн г1уллакхийн хьелашкахь шайн бокъо йолу, д1акхаьчначу меттехь; пачхьалкхан кхерамазаллин органаш; Доларчу куцх1отторан лоьмарийн Регистран хаамаш ларбен орган, цуьнан бакъо йолччу барамехь, бахархошна а, организацешна а з1енехула пачхьалкхан хьашташ латторан Федеральни Законна т1едоьг1на

Долара хаамаш талларан оператор: IBM Österreich - Internationale Büromaschinen Gesellschaft m.b.H.; Microsoft Österreich GmbH; Bundesrechenzentrum GmbH.; Österreichische Staatsdruckerei GmbH

**Шена дуьхьала г1уллакх доьдучуьнан бакъонаш:**

Латкъам бан бакъо ю Долара хаамаш ларбаран бакъонашна т1ехь векал йолчу Австрин органехь (1030 Wien, Barichgasse 40-42, телефон: +43 1 52 152-0, E-Mail: dsb@dsb.gv.at) т1едоьг1на § 24 1 разделан Хаамаш ларбаран Закон.

Доларчу хаамехь долу хьал довза бакъо луш ю Хаамаш ларбечу Юкъарчу Регламентан 15-чу статьяна т1едоьг1на (DSGVO).

Доларчу хаамех долу хьал хийца (хийцамаш бан) бакъо луш луш ю Хаамаш ларбечу Юкъарчу Регламентан 16-чу статьяна т1едоьг1на (DSGVO).

Долара хаамаш д1абаха бакъо луш ю Хаамаш ларбечу Юкъарчу Регламентан 17-чу статьяна т1едоьг1на (DSGVO).

Дуьхьало д1ахьеян бакъо луш яц Хаамаш ларбечу Юкъарчу Регламентан 21-чу статьяна т1едоьг1на (DSGVO), иштта бакъо луш яц долара хаамаш талла дуьхьало ян Хаамаш ларбечу Юкъарчу Регламентан 18-чу статьяна т1едоьг1на (DSGVO)